

Chanjman nan Delè Otorizasyon Sèvis an Aplikasyon 1 Avril 2026

MANYÈL MANM OU A CHANJE POU ENKLI ENFÒMASYON AJOU

Sèvis Otorizasyon

Delè pou Demann Otorizasyon Alavans

- **Revizyon Estanda:** Nou pral pran yon desizyon nan 3 jou travay apre lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men pa pita pase 7 jou apre nou resevwa demann ou an. Nou pral di w anvan 7èm jou a si nou bezwen plis enfòmasyon.

Delè pou demann revizyon konkouran:

- **Revizyon Estanda:** Nou pral pran yon desizyon nan 1 jou travay apre lè nou genyen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men pa pita pase 7 jou apre nou resevwa demann ou an. Nou pral di w anvan 7èm jou a si nou bezwen plis enfòmasyon.

Delè espesyal pou lòt demann:

- Si w ap mande pou sèvis reyabilitasyon pou pasyan ki entène apre yon admisyon lopital pou pasyan ki entène, n ap pran yon desizyon nan 1 jou travay lè nou gen tout enfòmasyon nou bezwen yo, men pa pita pase 7 jou apre nou resevwa demann ou an. Nou pral di w anvan 7èm jou a si nou bezwen plis enfòmasyon.